Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етын

Рахаев Анатолий Измаил и къуэм - «Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щіэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапіэм и ректорым;

ціэ лъапіэхэр яфіэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэзджэмкіэ щіыхь зиІэ и лэжьакіуэ» щіэр

Мыд Мадинэ Эрзралбий и пхъум - «Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щіэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапіэм театрымкіэ и факультетым и деканым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкіэ щіыхь зиІэ и лэжьакіуэ» щіэр

Лопатин Вячеслав Виктор и къуэм - «Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щіэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапіэм и гъэзэщіакіуэ факультетым и деканым

Шэрыб Валерий Хьэбалэ и къуэм - «Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щіэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапіэм и профессорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокІадэм и 29-м
№139-УГ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№192 (23.100) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 3, щэбэт • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Нэгъуэщі къэралхэм къыщащэху продукцэм пэувын къэлэжьыным адэкіи пыщэным Урысейм и сэбэп хэлъщ

КъБР-м и Іэтащхьэр дыгъуасэ хэтащ «Сочэ-2015» дунейпсо инвестицэ зэхуэсышхуэм и пленар зэІущІэм. «Зыужьыныгъэм хуэкІуэжьи. Урысейм папщІэ стратегиехэр» докладыр ищІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий. Абы хэхауэ къигъэлъэгуащ экономикэм зегъэужьыныжьмкіэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэу плІы - инвестицэхэр жыджэру къэгъэсэбэпыныр, нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэм и пІэ иувэн къыщІэгъэкІыныр, къэрал унафэр зэрызрагъакІуэр егъэфІэкІуэныр, бюджет политикэр.

Докладыр къызэрыщыхъуам, абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зэфІигъэкІын хуейуэ къыпащІыт кІалэнхэм я гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий жиІащ хъэрычат ІэнатІэм зегъужьыныжьмкіэ Іэмал тэмэмхэр зэтегъэувэным, тэмэму зэгъэуІуа лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэІухын, инвестицэхэр къэгъэсэбэпынымкіэ иджырей хэкІыпІэхэр зэтегъэувэн, бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым къыпэкІуэ хъерыр нэхъыбэ щІын зэрыхуейр. Экономикэм и зыужьныгъэр нэхъыбэу зэлъыта ІэнатІэхэм ящыщу КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ мэкъумэш хозяйствэр, промышленностыр, турист-рекреацэ комплексыр, электрэнергетикэр. Нэгъуэщі къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным адэкіи елэжьыныр, КъБР-м и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, Урысейм и щІынальэ псоми я фейдэ зыхэлъ Іэхуущ. А псоми къадэкІуэу республикэм и къэрал властым и органхэм зэи я нэІэ трагъэкІ хъунукъым социальнэ программэхэр, псэупІэхэр ухуэнымкіэ программэхэр гъэзэщІэныным.

Планар зэІущІэм иужькІэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хлопонин Александр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІынальэхэм я Іэтащхьэхэр хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

А махуэ дыдэм КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэурэ яхуэзащ УФ-м спортымкіэ и министр Мутко Виталий, Тэтэрстан Республикэм и Іэтащхьэ Минниханов Рустам, Италием и лІыкІуэм и Іуэхущіапіэу Урысейм щІэм финансэмкіэ и атташе Кончистре Луиджи, Италие Республикэм щІыхь зиІэ и генеральнэ консулу Ипщэ федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округымрэ щІыІэ Паоло Лодиджиани Пьер сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Егъэджакіуэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щІэкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу дызыхуэкІуэ махуэшхуэмкІэ - Егъэджакіуэм и махуэмкІэ.

Лъэхъэнэхэм захъуэж, ауэ егъэджакіуэм и Іэщіагъэр жылагъуэм и дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщу сыт щыгъуи щытащ, иджыри щытщ. Фэ фи Іэщіагъэм фызэрыхуэІэзэмрэ педагогикэм фызэрыхуэІэкІуэпсакІуэмрэ елъытащ къэкІуэну щІэблэхэр зэрызэтеувэнур, ахэр гъащІэм хуэщІауэ зэрыщытынур, абыхэм я зэхэщакІыр. Мы махуэм дэ псоми педагогхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я лжьыгъэ лъапІэм куууэ пщІэ зэрыхуэтщІыр жыдоІэ.

Иджырей егъэджакіуэр цІыхухэм щІэныгъэ тэмэм езытын хуей педагог къудейкъым, ар гъэсакІуэщ, зэхэщІыкІымрэ цІыхугъэмрэ я къежьапІэщ, граждан зэхэщІыкІ хэхам и къежьапІэщ. Аращ ди къэралым иужьрей илъэсхэм егъэджакіуэм жылагъуэм и дежкІэ иІэ мыхьэнэр тэмэму къиІытэу щІыхуежьар. Абы и щІыхьэт наІуэщ Урысей Федерацэм и Президентым накъыгъэ мазэм (2012 гъэм) къыдигъэкІа указхэр, «Егъэджэнигъэ» лъэпкъ проект пэрытыр. Быдэу нывжьзоІэ фэ фи Іуэхуэр дэгъэкІыныр, педагогым и Іэщіагъэм иІэ пщІэр, егъэджакіуэм и цІэр нэхъ лъагэу Іэтыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я къалэн пэрытхэм ящыщу дяпэкІи зэрекІуэкІынур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакіуэхэм си гуапэу сохъуэхъу узынщагъэ быдэ, екъуІэныгъэ, лжьыгъэ тэмэм, насип, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

● КъБР-м и Парламентым

Депутатхэм я лэжьыгъэр зэхаублэж

ФокІадэм и 30-м КъБР-м и Парламентым и Унэм бжьыхьэ сессием и яп зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и федеральнэ инспектор Глушко Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри.

ПАРЛАМЕНТЫМ и лэжьыгъэм Іэхуу гуапэкІэ щІидзащ. Илъэс куэдкІэ гурэ псэкІэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытам папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и ФІыщІэ тхылъыр КъБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Жыджэт Александр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхылъыр КъБР-м и Парламентым и III, IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Законностымрэ хабзэр хъумэныжьмкІэ комитетым хэт Кебеков Владимиррэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщІ ФочІщІэ Натальерэ, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъыр КъБР-м и Парламентым и III, IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымрэ связымкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ ЛІэужь Адэлбий, КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр Парламентым и депутат, Социальнэ политикэмкІэ лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэныжьмкІэ комитетым хэт Къанэмэт Замир, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъыр Мэкъумэш политикэмрэ экологиемкІэ, щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэр хъумэныжьмэ щІы Іуэхухэмкіэ Парламентым и комитетым хэт Ячный Игорь, Парламентым и депутат, Социальнэ политикэмкІэ, лжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэныжьмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ Канунниковэ Татьянэ сымэ ираташ.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Берд Хьэзрэталий, Ячный Игорь, Тау Ритэ сымэ нэгъуэщІ лжьапІэ зэрыкІуам къыжкІыу я депутат къупльхуэр щхьэщхьыным. Абы ипкъ иткІэ языныкъуэ комитетхэм зэхуэскІыныгъэхэр халъхьащ. Апхуэдэу, КъБР-м и Парламентым Хабзэубзыхмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ комитетым и унафэщІу Мэлбахъуэ Борис ягъэуври, абы и къуэдзэу Шондыр Олег хахьжащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



Париж щызэпсалъэ

Дыгъуасэ Париж щызэІущІащ къэралиплІым – Урысейм, Франджым, Германием, Украинэм - я унафэщІхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ Донбассым щекІуэкІыну хэхьныгъэхэм, зэпэщІэувахэм я къаруха зэпэІэщІэ щІыным, ОБСЕ-м и кІэлъыплъакІуэхэм я лжьыгъэм эран хуэмыхъуным екъэІа Іуэхухэм, нэгъуэщІ куэдми.

Пщыхьэщхьэм зыщІидза зэІущІэм и пэ къихуэху Урысейм и Президент Путин Владимир щхьэхуэу епсэлъащ Франджым и президент Олланд Франсуаэрэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ. Зэпсэлъэныгъэхэм увыпІэшхуэ щадыбащ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Африкэ Ищхъэрэмрэ щызэфІэува щытыкІэм.

Зытрагъэпсам фІэмыкІыу

Урысейм и Су-34 кхъухьлъатэхэр дыгъуасэ щІыпІиблым «Ислъам къэралым» и къаруухэм щеуащ. Абыхэм Сириемрэ Алеппэ провинцэм боевикхэм я унафэщІ пунктыр, связь ІэнатІэр, быдапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр щызэхакъутащ.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым Путин Владимир хуит ищІащ Урысейм щамыдэ «Ислъам къэралым» и бийуэ къару къигъэсэбэпыну.

Сыт хуэдэ жэуап иритынур?

Корее Ищхъэрэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Ли Су Ен ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 70-нэ сессием къыщыщыпсалъэм жиІащ «США-м псори къызэщІэзыубыдэ мамыр зэгурыІуэныгъэ къришыІамэ, Пхенянь Корее хьтІыгу ныкъуэм ткІиягъир къыщыгъэщэбэным теухуа зэпсэлъэныгъэ купщІафІэхэр иригъэкІуэкІыну зэрыхьэзырыр».

Иджы псори зэлъытар Вашингтон а жэрдэмым иритыну жуэпырыц.

Бжьамий яукъуэдиинущ

УФ-м сом мелардищ хухихащ Краснодар край - Кърым газ кІуапІэ бжьамиир укъуэдииным. Абы километр 400 и кІыхьагъэнущ.

Ухуэныгъэр и пщэ далъхьащ «Строймонтаж» компанием. Лэжьыгъэхэм 2016 гъэм щІадзэнущ икІи аХэр 2017 гъэм и кІэухым е 2018 гъэм и зэхуэдитІым зэфІагъэкІынущ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 3, *щэбэт*

♦1933 гъэм къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр.

♦1645 гъэм къалъхуащ япэ урысей генералиссимус (1695), урысыдзэхэм я унафэщІ нэхъыщхьэу щыта **Черкасский Михаил (Алей)**.

♦1927 гъэм къалъхуащ техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд**.

♦1936 гъэм къалъхуащ шэрджас тхакІуэ **Къэбэрдей Фатімэ**.

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лажьакІуэ, педагог щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦1966 гъэм къалъхуащ къэбэрдей усакІуэ, журналист **Гъущіо Зариф**.

Дунейм и щытыкІэнущ:

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты мкІэ, нобэ Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 16 - 19 хъунущ.

Жэпуэгъуэм и 4, *тхъэмахуэ*

♦Космосыдзэхэм я махуэщ

♦Псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1957 гъэм СССР-м дуней псом щыяпэу иутІыпщащ ЩІым и спутник Іэрыщі.

♦1986 гъэм къызэІуахащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» къэрал лъэпкъ паркыр.

♦1957 гъэм къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ **Къумахуэ Асльэн**.

Дунейм и щытыкІэнущ:

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты мкІэ, Налшык уэшх мащІэ къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градус 12 - 16 хъунущ.

Жэпуэгъуэм и 5, *блыщхьэ*

♦ Егъэджакіуэм и махуэщ

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Адыгэ Республикэр.

♦1950 гъэм къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ДзэХьэуа Къарухэм я унафэщІым и къуэдзэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор **Быж Айтэ**.

♦1952 гъэм къалъхуащ адыгей спортсмен, Олимп джэгухэм (Монреаль, 1976 гъэ) дзюдомкІэ я чемпион **Невзоров Владимир**.

♦1957 гъэм къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, ДАХ-м и президент (2006 - 2009 гъэхэм), Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт**.

♦1961 гъэм къалъхуащ Олимп джэгухэм (Москва, 1980 гъэ) волейболымкІэ я чемпионкэ **Ахэмын Еленэ**.

Дунейм и щытыкІэнущ:

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэриты мкІэ, Налшык махуэм дунейр уфаущ щыщытынущ. Хуабэр градус 15 - 19, жэщым градус 12 - 15 хъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Урысеймрэ Беларусымрэ я щІыналъэхэм Сочэ щрагъэкІуэкІа зэхуэсым «Телемеханика»-ри хэтащ

Гъэлъэгъуэныгъэм къэралитІым я предприятэ нэхъ ин дыдэхэм я продукцэр утыку къыщрахьащ. «Ростех» къэрал компаниеми хиубыдэ «Росэлектроника» акционер зэгухьэныгъэм мы зэІущІэм кьишащ радиоэлектроникэмкІэ къэралым и предприятэ нэхъ лъэщ дыдэхэм я гугъэхьэзыр продукцэр. Зи гугъу тщІы холдингым и экспозицэм увыпІэ нэхъыщхьэр щызыІыгъар КъБР-м щыщ «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэІухэрщ.

Абы къыщІигъакІ иджырей светофорхэмрэ диод уэздыгъэхэмрэ хуабжьу игу ирихьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ. Абы къыхигъэщащ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху электрон Іэмэпсымэхэр нэхъ мащІэ щІынымкІэ, ахэр ди дежкІэ къыщыщІэрыхьэкІымкІэ мы предприятэм бгъэдэлъ зэфІэкІхэр нэгъэсауэ къэгъэсэбэпыпхъэу къызэрилъытэр.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Унэхэр ягъэува пІалъэхэм тету зэрагъэпэщыж

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий хэтащ видеоконференц зэпыщІэныгъэм и Іэмалхэмкіэ къэралым щрагъэкІуэкІа зэІущІэм. Ар теухуауэ щытащ фэтэр куэд хъу псэупІэ унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьныжьмкІэ щІыналъэ программэхэр гъэзэщІа зэрыхъум.

ЗЭІУЩІЭР къыщыізэІуихым Урысей Федерацэм и Къэрал гъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Мень Михаил къигъэлъэгуащ экономикэр иджыпсту зыхэт гугъуэкьхэм щхьэкІэ къамыгъанэу мы лэжьыгъэм трагъэкІуэдэну ахъшэр нэгъэсауэ къызэрауТІыпщыр. Дызэрыт илъэсым и закъуэ псэупІэ унэу мин 30-м щІигъу зыхуей хуагъэзэнущ, цІыху мини 177-рэ унэ къхъахэхэм къыщІагъэІэпхъуКІынущ. ЩІыналъэхэм иджыпсту къапэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ а лэжьыгъэр къэмыгъэтІэсхъэныр, псэупІэр зи мыльку щытхэм къатехуэ ахъшэмрэ къыхьлхуэтыншэу унэхэр зэрагъэпэщыжьын папщІэ ят взносхэмрэ нэгъэсауэ къыхэхыныр, щІыналъэхэм щыпсэухэр мы ІэнатІэм щекІуэкІ Іуэхухэм нэхъ нэгъэсауэ щыгъуазэ щІыныр.

Ищхьэкіэ къыщыігъэлъэгуа программэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащІэр зэІущІэм хэтахэм я пащхьэ щрилъхьэм, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий къыхигъэщхьэхукІащ лэжьыгъэ псори ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу зэрызэфІагъэкІыр, Налшыкрэ Тырныаузрэ щыІэ псэупІэ унэ зыбжанэм лифтхэр щызэрахъуэкІыну зэрамурадыр, апхуэдэу псэупІэхэр зэрызэрагъэпэщыжым и фІагъыр къапщытэн папщІэ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм, подряд организацэхэм, псэупІэм и ІэнатІэм щыкІэлъыплъныжьмкІэ щІыналъэ органхэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэ къызэрызэрагъэпэщащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КъэфакІуэхэм фызыхагъэплъэнущ

«Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр жэпуэгъуэм и 5 - 9-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ. Абы хэтынущ Бангладешым, Тыркум, Белоруссием, Ганэм, Африкэ Ипщэм щыщ къэралхэм, Индием, Италием, УФ-м хыхьэ Ханты-Мансийскэ автоном щІыналъэм къикІа гупэхэр.

ХЬЭЩІЭ лъапІэхэм яхэтынущ ЦІыхубз творчествэмкІэ дунейпсо Іуэхущіапіэу ЮНЕСКО-м и деж щыпажьэм и лІыкІуэхэр.

Жэпуэгъуэм и 5-м фестивалым хэтхэм республикэм и еджапІэхэм (Нартан къуажэм и школ-интернат №5-м, Налшык къалэм и школ №10-мрэ гимназие №13-мрэ) концерт щатынущ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм сыхьэт 11-м Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм ЮНЕСКО-м и деж щыІэ, цІыхубз творчествэмкІэ дунейпсо Іуэхущіапіэм Урысейм щиІэ лъэпкъ секцэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и зэІущІэ щекІуэкІынущ. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту КъБР-м и къэрал Музыкэ театрым къыщыізэІуахынущ.

Жэпуэгъуэм и 8-м сыхьэт 11-м фестивалым хэтхэм республикэм и щІыналъэхэм зэныбжьэгъугъэм и концертхэр щатынущ. Сыхьэт 17-м КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщыізэрагъэпэщынущ лъэпкъ фащэхэм я «Дунейпсо тхыпхъэхэр» махуэшхуэр. Апхуэдэуи декоративно-прикладной гъуэзджэмкІэ ІэпщіалъэпщІэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ ирагъэкІуэкІынущ.

Жэпуэгъуэм и 9-м сыхьэт 11-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щрагъэблагъэнущ ЮНЕСКО-м и деж щыІэ ЦІыхубз творчествэмкІэ дунейпсо Іуэхущіапіэм и лІыкІуэхэр. Сыхьэт 17-м КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым щекІуэкІынущ «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» V дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым хэтхэм я пресс-конференц. Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым фестивалым хэтхэм концерт щатынущ, зэхьихьэшхуэр зэхуащІынущ. Апхуэдэуи щагъэлъапІэнущ пашэ хъуа къафакІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ абы и къэщІэхэмрэ фыдогъэблагъэ дунейпсо къафэхэм я дахагъэм, щхьэхуэныгъэм фыкІэлъыплъынущ.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Унэм бжьыхьэ сессием и яп зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и федеральнэ инспектор Глушко Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри.

ПАРЛАМЕНТЫМ и лэжьыгъэм Іэхуу гуапэкІэ щІидзащ. Илъэс куэдкІэ гурэ псэкІэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытам папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и ФІыщІэ тхылъыр КъБР-м и Парламентым и Унафэщым деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Жыджэт Александр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхылъыр КъБР-м и Парламентым и III, IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Законностымрэ хабзэр хъумэныжьмкІэ комитетым хэт Кебеков Владимиррэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщІ ФочІщІэ Натальерэ, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъыр КъБР-м и Парламентым и III, IV, V зэхуэсыгъуэхэм я депутат, Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымрэ связымкіэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ ЛІэужь Адэлбий, КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр Парламентым и депутат, Социальнэ политикэмкІэ лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэныжьмкІэ комитетым хэт Къанэмэт Замир, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и ФІыщІэ тхылъыр Мэкъумэш политикэмрэ экологиемкІэ, щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэр хъумэныжьмэ щІы Іуэхухэмкіэ Парламентым и комитетым хэт Ячный Игорь, Парламентым и депутат, Социальнэ политикэмкІэ, лжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэныжьмкІэ комитетым и унафэщым и къуэдзэ Канунниковэ Татьянэ сымэ ираташ.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Берд Хьэзрэталий, Ячный Игорь, Тау Ритэ сымэ нэгъуэщІ лжьапІэ зэрыкІуам къыжкІыу я депутат къупльхуэр щхьэщхьыным. Абы ипкъ иткІэ языныкъуэ комитетхэм зэхуэскІыныгъэхэр халъхьащ. Апхуэдэу, КъБР-м и Парламентым Хабзэубзыхмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ комитетым и унафэщІу Мэлбахъуэ Борис ягъэуври, абы и къуэдзэу Шондыр Олег хахьжащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу дызыхуэкІуэ махуэшхуэмкІэ - Егъэджакіуэм и махуэмкІэ.

Лъэхъэнэхэм захъуэж, ауэ егъэджакіуэм и Іэщіагъэр жылагъуэм и дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщу сыт щыгъуи щытащ, иджыри щытщ. Фэ фи Іэщіагъэм фызэрыхуэІэзэмрэ педагогикэм фызэрыхуэІэкІуэпсакІуэмрэ елъытащ къэкІуэну щІэблэхэр зэрызэтеувэнур, ахэр гъащІэм хуэщІауэ зэрыщытынур, абыхэм я зэхэщакІыр. Мы махуэм дэ псоми педагогхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ я лжьыгъэ лъапІэм куууэ пщІэ зэрыхуэтщІыр жыдоІэ.

Иджырей егъэджакіуэр цІыхухэм щІэныгъэ тэмэм езытын хуей педагог къудейкъым, ар гъэсакІуэщ, зэхэщІыкІымрэ цІыхугъэмрэ я къежьапІэщ, граждан зэхэщІыкІ хэхам и къежьапІэщ. Аращ ди къэралым иужьрей илъэсхэм егъэджакіуэм и жылагъуэм и дежкІэ иІэ мыхьэнэр тэмэму къиІытэу щІыхуежьар. Абы и щІыхьэт наІуэщ Урысей Федерацэм и Президентым накъыгъэ мазэм (2012 гъэм) къыдигъэкІа указхэр, «Егъэджэнигъэ» лъэпкъ проект пэрытыр. Быдэу нывжьзоІэ фэ фи Іуэхуэр дэгъэкІыныр, педагогым и Іэщіагъэм иІэ пщІэр, егъэджакіуэм и цІэр нэхъ лъагэу Іэтыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я къалэн пэрытхэм ящыщу дяпэкІи зэрекІуэкІынур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакіуэхэм си гуапэу сохъуэхъу узынщагъэ быдэ, екъуІэныгъэ, лжьыгъэ тэмэм, насип, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъшэр пшахъуэщи, гъащІэр пцІащхъуэщ.

Депутатхэм я лэжьыгъэр зэхаублэж

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап).

Къыкіэлъыкіуэу депутатхэр арэзы техъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм зэхъуэкІныгъэ хэлъхьэным и Іуэкум. «О стратегическом планировании в Российской Федерации» къару зыгъуэта Федеральнэ унафэм Урысей Федерацэм и хэгъуэгурэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэпса программэ къызэрыщымыгъэлъэгъуам къыхэкІыу КЪЕР-м и Конституцэм республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ хэт Іыхьэр хэхьэныным ар епхащ, КЪЕР-м и Конституцэ судымрэ къызэрыуэтекъзэгъбжь палатамрэ къызэрыуэгъэпэщ, зэрылажьэ щыкІэр зыубзыху Іыхьэхэми зэхъуэкІныгъэхэр халъхьащ.

Цыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ КЪЕР-м и Уполномоченнэм теухуа хабзэми зэхъуэкІныгъэхэр лъэІэсащ. Федеральнэ хабзэм и жыпхъэм иту зэрагъэзэхуэжащ ди республикэм ейри. А зэхъуэкІныгъэхэр зытеуухуаращи, уполномоченнэхэр политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтыну хуиткъым. КъищынэмыщІауэ, Уполномоченнэу хахынум УФ-м и Уполномоченнэр арэзы техъуэн хуейщ. ЗыгуэркІэ, Уполномоченнэм хабзэхэр къызэпиудмэ, и пІалъэ нэмысу и къулыкъым трагъэкІынущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал ныпым и Іуэхукіэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал дамыгъэм и Іуэхукіэ» хабзэхэми зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным арэзы техъуащ депутатхэр. Абыхэмкіэ ягъэбелджылы ныпымрэ дамыгъэмрэ (гербымрэ) къыщыбгъэсэбэн хъунур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэрэгъэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьыжащ пенсэм 8 095-рэ нэхъ мащІэмэ, дыщІагъунур зихуэдизыр зэрагъэбелджылам.

2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ КЪЕР-м финансхэмкІэ и министр **Лыхь Заур** зэІущІэм къыщыпсэлъащ.

Зи гугъу ящІ пІалъэм къриубыдэу республикэ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 11 496,7-рэ хъуащ, ар яІэну хуагъэфащэм и процент 48-рэщ. Къагъэсэбэнащ сом мелард 13,1-рэ. Налогыу, налогым хэмыхьэ хэхъуэу мы гъэм яІар нэгъабзрейм елъытауэ сом мелуан 746-кІэ нэхъыбэщ, 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ар сом меларди 4777,1-рэ хъуащ е яІэну ягъэбелджылам и процент 39,4-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу КЪЕР-м и къэрал кІуэцІ щІыхуэр сом меларди 6 418,9-м хъурт. Илъэсым и пэм республикэм телъа щІыхуэр нэхъ мащІэ хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэкмкіэ и министр **Емуз Нинэ** «правительствэ сыхьэтым» хиубыдэу тепсэлъыхьащ 2015 гъэм ди республикэм Зыуэ щыт къэрал экзаменыр зэрыщрагъэкІуэкІам. Мы гъэм Зыуэ щыт экзаменхэр щат пІалъэ нэхъыщхьэм ныбжьыщІэ 5545-рэ хэтащ, абы щыщу 231-р гъэ кІуам къэзыухахэм ящыщщ. Псори зэхэту мы гъэм экзамен зытахэр цІыху 20850-рэ мэхъу.

Абы ику иту къыщахьа баллхэр къэралми республикэми нэхъ лъагэ щыхъуауэ. Апхуэдэу 2014 гъэм елъытауэ ди республикэм ящыщу ЕГЭ-мкІэ балл 80-100 къахьащ еджакІуэ 859-м. 2015 гъэм цІыху 13-м балли 100 къахьащ.

ЕГЭ зыхуэмыта ныбжьыщІэ 465-м аттестат иратакъым, ар курыт еджапІэр къызыухам и проценти 8,7-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 27-м ЕГЭ-м къыгъуэв хабзэхэм зэребэкъуам и зэранкІэ я лэжьыгъэхэм хэпльакъым.

2015 гъэм ЕГЭ-р ди республикэм зэрыщрагъэкІуэкІамкІэ Парламентым и депутатхэр арэзы хъуащ, экзаменхэр ныбжьыщІэхэм ятыныжкІэ къызыхуэтынщэу къызэрызэрагъэпэщари къыхагъэщащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Фэеплъ

Іэщэмрэ гъащІэмрэ хурикъуху

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык бзаджащІэ ерухэр къызэрытеурэ илъэсипщІдэкІам. Ар гуп имыхьж гуауэшхуэщ. Республикэм и къэкІуэнум, мамырыгъэм папщІэ я къару емыблэжу щІэпхьаджащІэхэм ялэщІэтащ хабзэхъумэхэр. Махуитікіэ екіуэкіа а зэпэщІувэныгъэм хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэу 35-рэ, цІыху мамыру 15 хэкІуэдащ.

НАЛШЫК къалэ администрацэм и УВД-м Къэрал кІуэцІ Іэхухэмкіэ и къудамэ №3-м и ГИБДД-м административнэ хабзэр ягъэзэщІныжкІэ и Іэнатіэм и инспектор нэхъыжь, милицэм и майор Абазэ Хьэчим Хьэлиб и къуэр 1963 гъэм накъыгъэм и 14-м Бахъсэн щыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Хабзэхъумэ Іэнатіэм ар пэрыуващ 1993 гъэм мэкъауэгъуэм и 11-м икІи къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкІащ. Лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм папщІэ мызэ-мытІэу гулъытэ къыхуащІащ, «Къулыкъум къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ» медалыр къыхуагъэфэщащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м щІэпхьаджащІэхэр Налшык къалэм и ОВД №3-м и унэм щытеуам, милицэм и майор Абазэр и стажерым епсалъэу кабинетым щІэст. Іэщэ уэ макъыр щызэхихьам, абы и нэІэм щІэт Іэщэ зымыІыгъ и гъэсэныр гъущІ шкафым псынщІэу къуигъэпщкІуащ. Пэшым къыщІыхьэну кІеІэ щІэпхьаджащІэхэм ящыщ зыр иукІащ. Шэр къыІэщІэухэу уІэгъэ хьэлъэ къащІыху ар къикІуэтакъым. Абазэ Хьэчим хэкІуэдащ лІыгъэшхуэ зэрихьауэ.

Къалэн мытыншыр зыдрихьэкІа и лэжьэгъуэм милицэм и майорыр ягу къыщагъэкІыжкІэ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм 13-м къэхъуа гуауэм я гур икъзыми, абы далъэгъуа гуапагъэм, цІыхугъэм, пэжагъымрэ щыпкъагъымрэ щытепсэлъыхькІэ, я нэгум зыхэІуеныж. Дэтэхэмэи сыт щІэуам зыщІигъэжьауэ хьэзыр, Іуэхум и хэкІпІэр къэзыгъуэтыф, шынэ зымыщІэ, къызэрэпщакІуэ, ущиякІуэ ахъырэзману къахэта Абазэ Хьэчим иджыри куэдыр хуэныкъуэщ...

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр щІэпхьаджащІэхэм ящыхъумэу къиГъэлъэгъуэ лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ 2006 гъэм щэкІуэгъуэм и 4-м Урысей Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ ЛІыгъэм и орденыр Абазэ Хьэчим къыхуагъэфэщащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэм Шэджэм районым и щыпІэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм псапащІэ концерт щатащ Налшык къалэ дэт Психоневрологие интернатым.

АРТИСТХЭМ концертыр гъэщІэгъуэну ирагъэкІуэкІащ, апхуэдэу интернатым щыІэхэм Іэфы кІІэхэмкІэ яхуэупсащ. ХьэщІэхэм гуапэу къаІуащІащ. Интернатым щыІэхэм дэрэжэгъуэ зэрыратам и щыхьэтт ахэр жыджэру уэрэдхэм дежьуу, утыкум кІихьэурэ къафэу зэрыщытар, Іэгуауэшхуэ зэрыхуаІэтар. Мы зэманым а Іуэхущ Іапі эм цІыху 300-м ЩІигъу щыІэщ.

Психоневрологие интернатым и лэжьакІуэхэм артистхэм фІыщІэ хуащІащ я сымаджэхэм гулъытэ къызэрыхуащІам папщІэ икІи къыхагъэщащ апхуэдэ зэІущІэхэр абыхэм я узыншагъэр ефІэкІуэжныжмкІэ сэбэп зэрыхъур.

Апхуэдэу Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэр щагъэлъапІэм Шэджэм районым щыпсэу, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ нэхъыжьхэм мыльку кІэ зыщІагъэкъуащ.

Шэджэм районым и щыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

ФэтэрыщІэхэм мэІэпхъуэ

Налшык къалэ щатащ Урысей МЧС-м и Іуэхущ Іапі эм нэхъыщхьэу КЪЕР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм папщІэ яуха къат куэду зэтет унэщІэр.

2015 ГЪЭМ илъэс 25-р зыгъэлъапІэ УФ-м ЩытыкІэ къызэрымыкІуэхэмкІэ и министерствэм и махуэшхуэм ирихьэлІэу МЧС-м и Іуэхущ Іапі эм нэхъыщхьэу КЪЕР-м щыІэм, абы и нэІэм щІэт Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм ведомство фэтэрхэр иратащ. Мы гъэм и гъатхэм зэужь ихьа унэр сыткІи зэпэщу зэман кІэщІым зэфІагъэуващ, абы и пщІантІэри зыхуей хуагъэзащ, автотранспорт гъэувыпІи яІэщ.

ЛентІ плъыжьыр зэпаупщІри, къызэхуэсахэм захуигъэзащ КЪЕР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**. Республикэм щыпсэухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ я къалэн мытыншыр хьэлэлу зэрырахьэкІым папщІэ МЧС-м и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ абы. ЦІыхухэр гузэвэгъуэм щыхъужмэным, дуней къэхъукъащІэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьным сыт щыгъуи хэзгъэзыр, зи гъащІэм емыблэж мафІэсгъэункІыфІхэмрэ къеГъэлакІуэхэмрэ унагъуэ жьэгу хуабэ, екІу яІэн зэрыхуейр къыхигъэщащ Мусуковым и псалъэм.

- Унагъуэ 30-м зэуэ фэтэрыщІэхэм я Іункіыбзэіухэр етыныр ди республикэм, Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэщ, - жиІащ Мусуков Алий.

Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым и унафэщІым и къуэдзэ **Стеценкэ Валерий** Іуэху гуапэмкІэ псоми ехъуэхъури, ягу къигъэкІыжащ Урысей МЧС-м и СКРЦ-м, МЧС-м и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэу КЪЕР-м щыІэм я унафэщІхэм зэжьакІуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ псэупІэкІэ къыззэгъэпэщыным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. Унэщ Іэм насып, гуапагъэ щІэну ехъуэхъуащ, я Іэщ Іагъэм хагъахъуэ зэпыту Хэкум хьэлэлу хуэлэжьэну зэригуапэр яжриІащ. Урысей МЧС-м и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэу КЪЕР-м щыІэм и унафэщІ **Надежин Михаил** жиІащ зи псэупІэр езыгъэфІэкІуэн хуейуэ чэзум щытхэм ятещІыхьауэ фэтэрхэр зэрыратар.

Фэтэрыщ Іэхэм щІэтІысхьэхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ республикэм и дин Іуэхущ Іапі эхэм я лІыкІуэхэм.

«Фи унэхэр Тхъэшхуэм и фІыгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ щрырет», - жиІащ республикэм и православнэ члисэхэм я протоирей **Бобылев Валентин**. КЪЕР-м и Мусльымэн дин Іуэхущ Іапі эм и тхъэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий** къыхигъэщащ унэщІэм сыт щыгъуи мамырыгъэрэ зэпэщыныгъэрэ щыІэну Алыхьышхуэм зэрелъэІур. Дзасэжьым и къуэдзэ **Сыжажэ Алим** КъурІэным и сурэ кьеджащ.

Адэкіэ унэщІэм щыпсэунухэм фэтэрыщІэхэм я Іункіыбзэіухэхэр иратащ.

Іуэхугъуэ гуапэм къырихьэлІащ КЪЕР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр, нэхъапэм Урысей МЧС-м и Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэу республикэм щыІэм и унафэщІу щыта **Шагин Сергей**. Унэщ Іэр ухуэныр аращ зи жэрдэму щытар.

Фэтэр 30 хъу, къатиблу зэтет унэр зэфІэзыгъэува ухуакІуэхэм я лэжьыгъэ хьэлэлым папщІэ Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым и фІыщІэ, щІыхь тхыльхэр иратащ.

УАРДЭ Жансурэт.

Сурэтыр **ЕЛЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

● Налшык къалэ

Жыг хадэ цІыкІур зыхуей хуагъазэ, гъуэгур нэхъ бгъуэ ящІ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Алэкъей Арсен ищІа пщэрыльым тету, Захаровым и цІэр зезыхьэ уэрамым щыщу Ленинымрэ Щоджэнцыкіымрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэр зэпызыщІэ Іыхьэр щІадзауэ нэхъ бгъуэ ящІ.

КЪАЛЭМ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ зэІуэзэпэщ лэжьыгъэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм и Іэщ ІагъэлІхэм зэрыжаІамкІэ, жумэ нэмэщІ щащІ мэрем махуэм Мэжджыт нэхъыщхьэм и щІыбым транспорт куэд щызэтрехьэри, а щІыпІэм гъуэгур щызэхуащІ. Абы къыхэкІыу, лъэс зекІуапІэжьу щытам и хьэкъкІэ, Захаровым и цІэр зезыхьэ уэрамыр метри 2,2-кІэ нэхъ бгъуэ ящІыну траухуащ.

КъищынэмыщІауэ, жыг хадэ цІыкІур зэлъыІуах, зыхуей хуагъазэ, удз гъэгъа хьэсэхэр иджырей технологиехэм тету къагъэщІэращІэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● «Зэныбжьэгъуэхэр-2015»

Тыркум щыщ ныбжьыщІэхэри къыхашэ

Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я уардэунэм фокІадэм и 29-м къыщызэІуахащ «Зэныбжьэгъуэхэр-2015» дунейпсо щІалэгъуалэ Іуэхур.

«ЗЭНЫБЖЬЭГЪУХЭР» хабзэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэухэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадокІуэкІ. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ цІыхухъуэхэр ныбжьэгъу зэрыгъэхъуу, зэкІэлъыкІуэу щытащ. Кавказ Ищхьэрэм щыпсэуэхэм я зэпыщІэныгъэм мы Іуэхум зрегъэужь.

КЪЕР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм Налшык къалэ администрацэр щыгъуу къызэригъэпэща проектым къыхащащ Тырку Республикэм и Трабзон къалэм щыІэ «Ачи» уней колледжым щеджэ, зи ныбжьыр илъэс 11-м щыщІэдзауэ 13-м нэблагъэ ныбжьыщІэ 16.

Управленэм и унафэщІ **КІурашын Анзор** жиІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ мы Іуэху гъэщІэгъуэным зэрыпащэр, бзэ, хабзэ зэмылІэужьыгъуэхэр зезыхьэ цІыхухэр абы зэрызэкъуигъуэвэр, зым зэрихьэ диным адрейм пщІэ хуищІынымкІэ зэрыщхьэпэр, нэгъуэщІ къэралхэм ящыщ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къызэрыхашэр, зэрызрагъэубгъур.

Хьэщ Іэхэмрэ езыгъэблагъэхэмрэ чэзуэу утыкум кърашэурэ зэрагъэщІыхуащ. Ахэр дзэхьэхэхэм ятеухуа упщІэхэр иратащ. Ныбжьыщ Іэхэр зытетыну ягъэува хабзэхэр зытетха тхылъымпІэхэмрэ («Нэхъыжьхэм пщІэ яхуэщІ, нэхъыщІэхэм щапхъэ егъэлъагъу», «Мамырыгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ лъытэ», «Уи хьэщІэр уи къуэшш», «НэгъуэщІ лъэпкъхэм я щэнхабзэм, хабзэм, диным пщІэ хуэщІ», нэгъуэщІхэри) Іуэхум и дамыгъэр зытет футболкхэмрэ дэтхэнэми тыгъэ хуащІащ.

ЕджакІуэхэр зы тхъэмахуэкІэ унаГъуэхэм щыхьэщІэнущ. Проектыр къыхэзыльхьахэм я мурадыр лъэпкъ, дин зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ ныбжьыщІэхэр щэнхабзэ и лъэныкъуэкІэ зэрагъэхъуэжэнырщ, я зэхуаку ныбжьэгъугъэ далъхьэнырщ.

Мы Іуэхум хэтхэм я хьэщІэгъуэр мазхуитху дэкІмэ яухынущ. ИтІанэ ныбжьыщІэхэр тепсэлъыхьыжынущ гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэм, псэукІэм, гъащІэм ящыщу къащІам, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэуващ республикэм и къэфакІуэхэмрэ уэрэджыкІуэхэмрэ.

Зэхьхьэм хэтащ КЪЕР-м Граждан жылагъуэ институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ **Герговк Джамболэт**, къэрал, щІыналъэ властхэм я лІыкІуэхэр, еджапІэхэм я Іэтащхьэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ, «Ачи» уней колледжыр къыззэІущІэпэща икІи абы и унафэщІ **Чакыр Мурат**, абы урысибзэрэ инджылызыбзэрэ щезыгъэджхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Хьэрычэтыщ Іэ щІэзыдзагъащІэхэм папщІэ

Хьэрычэт Іуэхухэм я щІэгъэкъуэну республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэща «КЪЕР-м и социальнэ Іэнатіэм и инновацэ центр» зи щхьэ хущытыж мыкоммерцэ организацэм хъыбар фегъащІэ хьэрычэтыщ Іэ щІэзыдзагъащІэхэр бизнес гъэпсыкІэм пІалъэ кІэщІкІэ щыхурагъаджэ курсхэр зэрыригъэкІуэкІымкІэ. Хьэрычэтыщ Іэ Іэнатіэ щыкІуэр дэІыгъынымкІэ муниципальнэ программэхэм я зэпэуэхэм хьыхьэну хуейхэри абыхэм ирагъэблагъэ.

ЕГЪЭДЖАКІУЭХЭР Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм и комиссэм хэпльыхьауэ къыхиха Іэщ Іагъэлі Іэзэхэщ. 2015 гъэм мэкъауэгъуэм и 25-м КЪЕР-м Гъэдэжэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм ярита лицензэм ипкъ иткІэ, курсхэр ирагъэкІуэкІ (серие 07 лоІ №0000625, 1772-нэ номер).

Центрыр сыт и лъэныкъуэкІи къызэгъэпэщащ: еджапІэ классыр Іуэхум хуэгъэпсащ, компьютерхэр, зэрыгъуэзэ, зэрыкІэлъыплъ техникэр, зэреджэ-методикэ, къуэхьым зезыгъэужь, щІэныгъэм хэзыгъахъуэ тхылъхэр иІэщ.

Къэзыуххэм сертификат хэха иратыж.

Центрым и хэщІапІэр: Налшык къалэ, Циолковскэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 7, 307-нэ, 311-нэ пэшхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес инкубатор» ГКУ-м и унэ.

ЩІэупщІэнухэр 96-85-02, 96-60-93 телефонхэмкІэ фыпсалъэ.

● Щэнхабзэ

ИугъащIэ адыгэ фащэм!

Хабзэ дахэ хъуауэ, Адыгэ фащэм и махуэм ирихъэлIэу Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я уардэунэм лъэпкъ фащэрэ пшынальэкIэ гъэнщIа гуфIэгъуэ концерт гукъинэж щитащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэхэм я цIыхубэ артист, уэрэджьыакIуэ цIэрыIуэ Нэхуш Чэрим.

ПШЫХЬ гуапэр ирегъэкIыжащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я уардэунэм и режиссёр нэхъыщIхьэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Нэхуш Чэрим и лэжьэгъу икIи и ныбжьэгъу **Гумэ Маринэ**. Ар кIащIу кьэитеувыIащ Iэпкълъэпкъым хуэщIа, псэр зыгъэтынш, лIащIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ ди лъэпкъыр къыззращIыху, дэ нобэми зетхьэ Адыгэ фащэ дахащэм и махуэр зэрагъэлъапIэм.

Лъэпкъэгъуэщхэмэ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIэ Нэхуш Чэрим концертыр къыззIуихуащ иджыблагъэ Думэн Мурадинрэ Иуан БетIалрэ зэдатха «Уэрхъэ пщащэ» уэрэдыщIэмкIэ. КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Атэбий Игорь зи художественнэ унафэщI «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэм адыгэ фащэ дахэхэмкIэ зэщыхуэпыкIа и щIалэ къуданхэмрэ пщащэ лантIэхэмрэ удэзыхьэх я къэфэкIэр а уэрэдым щIыбгъужмэ, ар пылъхэнщэу икIи ласэнщэу кьаззрехьулIар наIуэщ. Дапщащи хуэдизу, гур хигъахъуэрт, нэр теплъыщэрт гупым хэтхэм я зыIыГыкIэ дахэм, утыку итыкIэ екIуи...

Адэкlэ къыкlэтьыкlуащ гурыщlэ щэхухэр, гурыщlэ Iэфlхэр къэзыIуэтэж, лъагэуныгъэкIэ гъэнщIа «Бжьыхьэ гъэупIь», «Псэм и пIыхьэ», «Уэ зызакъуэращ», «Кьайсэр пщащэ», «Сыз3хьумыхыуэрэ», «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну», «Мазэм сеплъмэ», «Сыз3хэщIыкI», «Си нэ дахэ», нэхъыжьхэм ятеуха «Дадэ», «Нанэ» уэрэдхэр. Кьиз3хуэсахэр дежьмыжьуи ялъэкIакъым фIыуэ ялъагъу, я псэм дыхьэ а уэрэдхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ **Хьэрэдурэ Динэ** иусу макъамэ зэщIипIэхьжа «Сызэхэх къудей» уэрэд дахэми Чэрим дригъэдэIуащ. Мафхуэшхуэм хэзгъэпсауэ Иуан БетIалрэ Нэхущ Чэримрэ зэдатха «Адыгэ фащэ», Тхъэбысым Умар и «Лъагэуныгъэр сытым пэсщIын?» уэрэдыщIэхэри утыку кьирихьащ.

ЦIыхубэм я гум кьишхьыдыкIа, псэм и лъащIэм щыгъэпщкIуахэр къ3зыIуэтэфа гъыбзи щыIуащ пшыхьым. Гъыбзэр губгъапIэдэхьу, уэрэд псоми я кьежьапIэу ялъытэ. Гур хэзыгъащI а уэрэд лIэужьыгъуэхэр гъащIэм уезыгъэгупсысащ. Апхуэдэщ Чэрим дыригъэдэIуа «Мыхьэмэт и гъыбзэр». Уэрэдым дыщIыгъу хъыбар гуузри Нэхущым удихьэхуэ къытхуиIуэтэжащ.

Гумэ Маринэ пшыхьым кьрихьэлIаэхэм яригъэщIыхуащ макъамэм зэфIэкIрэ екъулIэныгъэрэ щызиIэ, дунейпсо макъамэ зэхъ3зхуэхэм пашэ щыхъуа пианист, Сирием щыгъуэ ди лъэпкъэгъу щIалэ **Джымокъуэ Тамбий**. Адыгэ щIалэм теухуауэ Маринэ жиIаэр умыгъэщIэгъуэн, уримыгушхуэн пльэкIыркъым.

Джымокъуэ Тамбий и унагъуэр и гъуэгу Сириием щекIуэкI зауэм къыпхыкIри, Тыркур хущIапIэ ищIащ. Лъэпкъым и псэр зыихэлъ адыгэ пшынэр, макъамэр, классикэ музыкэр, пианинэ еуэныр зэрыщIыкIурэ зи Iэпэгъу щIалэм гъуазджэм и насыпыкъыщекIэрэхъуэкIауэ жыпIэ хъунущ. Абы щыхьэт тохъуэ Тыркуи и Бурсэ кьалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и кьэпщIакIуэхэм яхэта пианисткэ цIэрыIуэ Поддубная Тамарэ Тамбий пианинэм еуэу щIитьэгъуам хужиIа мы псалъэхэр: «Мыр зэчиишхуэ зыбгъэдэлъщ. Мазэ 16-кIэ фIэкIа зызымыгъэса щIалэм апхуэдэ екъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьэныр щхьэм кьIтIаеэркъым. Ар гъуэгу пэж тетщ, адэкIи и зэфIэкIым хигъахъуэмэ, музыкант лъащ абы къыхэкIынущ». Санкт-Петербург щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэм Тамбий хэтыну ирагъэблагъащ. Паспортрэ визэкIэ хуэмыхьэзыру ар зэрырихьэлIам и кьэбарыр зи деж нэса Тыркум и Президент Эрдоганэ Реджеп Тайип жэщым IэхуущIапIэм и бжэхэр Iуригъэхьжри, икIэщIыпIэкIэ зыхуэныкъуэ хуэ тхьилъэ IэриГъэхьат. Апхуэдэщ Iэ зыгъэта цIыху хэхэс дэнэ кьэна, езым ящыщхэми хуащIауэ зыми зэхахагъэнкъым. Абы лъандэрэ, дэнэ щIыпIэ зыкъыщимыгъэльэгъуами, яп3 ывIапIэхэмкIэ и лъэпкъым и цIэр фIыкIэ егъэIу, апхуэдэщIэрэ гулыстэрэ кьыхуэзыщIахэри игъэхьIытакъым.

Адыгэ фащэм и махуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ пшыхьыр зыгъэдэхахэм Джымокъуэ Тамбий ящыщщ. ЩIэщIыгъуэ тщIыхуащ Чэримрэ абырэ зэдагъэзащIа «Зэныбжьэгъуищ» уэрэдымрэ кьыдекIуэкI хьыбарымрэ. Концертым кьрихьэлIаэхэм ягу дыхьащ щIалэщIэм и пшынэ гъэзэрэбзэкIэмрэ гум дыхьэ и макъамэмэхэмрэ. Адэжь Хэкум рэзэ хуэгъэжа Тамбий и зэфIэкIым екъулIэныгъэфIэр кьиззэрыпэкIуэнум, абы музыкант Iэзэ кьиззэрыхэкIынум шэч кьытетхъэркъым.

ЗэрытщIэщи, хэкурысхэм кьищIынэмыщIауэ, дуней псом щыпсэу адыгэхэми Нэхущ Чэрим и уэрэдхэр ягу дохьэ. Апхуэдэ уэрэджьыакIуэ кьызыхэкIа щхьэкIыр, дауи, насыпифIэщ икIи зэрыладыгэм ирогушхуэ. ФIэщыщIыгъуейщ Чэрим и уэрэдхэр зымыщIэ, ахэр фIыуэ зымылъагъу, дзапэ уэрэду зыIурымылъ адыгэу зызыльытэжхэм яхэбгъуэтэну. Языныкъуэ уэрэдхэм - нэщхьеягъуэм, адрейхэм - гуфIэгъуэм ухашэ. Нэхъыщхьэращи, а уэрэдхэм адыгабзэр, хабзэр, нэмысыр, бзэр пхъумэну, зебгъэужьыну, нэхъыжьым пщIэ хуэпщIыну укъыхураджэ. Ахэр зэхэзыххэм я гум псэгъэгуфIэдахагъэрэ гуапагъэрэ кьыщIэгъуэш, дэрэжэгъуэ ират, я гукъыдэжым жеГъахъуэ.

Адыгэ фащэр музейхэм щахъымэу, кьэфакIуэхэм ящыгъуэ фIэкIа щIалэгъуэу кьамыГъэсэбзэну ильэс зыбжанэкIэ кьекуэкIами, Гумэ Маринэ и гуапэу кьыхигъащащ иужьрей зэманым абы и пщIэр нэхъ игъэтыжж зэрыхъуар, и щIэупщIэм нэхъ зэрыхэхъуар, ар щызыгъэгъэхэмрэ зыдгъэмрэ я бжьгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэр.

- Фащэ дыдэу мыгъэсами, фащэм и нэщэнэхэр зыхэлъ щыгъынхэр нэхъыбэу ирагъэд хуауэ. Пасэрей дыжьын бгырыпх, бгъэIуп хуэдизэм щIэупщIашхуэ зэрагъэIари гъэщIэгъуэнщ, дыжьынэхIхэр зи IэщIагъэхэми кьахохъуэ, пасэрей фащэм пщIэ хуащIу, абы елэжьхэми я зэфIэкIыр яIэту, ди гъащIэм щыщ мэхъуж... ИтIанэ, нысашэ хъуамэ, нэхъ зыкъизыих адыгэ нысашIэр зыщIэхъуэпсыр ди лъэпкъ фащэращ, махуэшхуэ хъуамэ, ар зиIэн кьыдехьж, зимыIэжэм зрагъэпэщ... Апхуэдэ гупыж нэхъ зыдэплъагъури щIалэгъуалэращ. Ди кьалэдэс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэхьихъэрэ фащэ ящыгъыу уэрамым кьхьдохьэ... А псом, дауи, уи гур хегъахъуэ, уи Iэр щIегъэкI! - жиIащ Гумэ Маринэ.

Апхуэдэуи Гумэр къытеувыIащ «Черкеска» фIэщыгъэщIэмкIэ дуней псом хэIуа щыгъыным и тхыдэм, ар кьафэми уэрэджьыхьэми кьызэрыхэщыжьм...

ЩIэнэ имыIэу лъэпкъыр зыхэт щхьэхъжьхь-псэхьжьхэм хуагъэсын хуей хъуащ адыгэм я зыу Iэщэфащэр. Унэ щIэращIэ дращIеини, мывэ кьалэ ягъэжьни адыгэжэр бий мыухыжьым игъуэ ирагъэхуакъым, ауэ, адыгэ шум зауэлI щыкIэр щыхухъуэм и дахи и Iеи зэхагъэкIыу зэрыщытар. ЩIэкI плъыфэхэр екIуу зэхалъхьэфырт, дыщэмрэ дыжьымрэ а фащэм зэрыхагъэзагъэми яхуэIэкIуэлъакIуэт. Пасэрей фащэм и тхыдэм урипльэжмэ, нэрылъагъуэ ар плъыфэкIэ зэрыщIэхэлъу, зэрыщIэрахьэу щыта щыкIэр... Къэбэрдэлъэгъуэмэ, цей хужь езыгъэдыну хуитыр пщыхэрат. Ар щыщатIагъэри зэззымыщхэхэт, гуфIэгъэ махуэ хэхахэрт.

- Тхыдэм къыззрыхэщыжьымкIэ, нобэрей зэманми ди нэгу зэрыщIэкIымкIэ, адыгэр дунейм тепхъа хъуами, и фащэри и хабзэри Iэщ1ыб ищIакъым. Уеблэмэ къыщыхута къэралыгъуэхэм я пашэхэм деж зи лъэпкъ фащэкIэ утыку ихьэну хуитынигъэ зратар адыгэхэращ. Ар наIуэу щыдолъагъу Иорданием. Апхуэдэу Москвеи пIащIыгъуипIкIэ къыщекIуэкIащ (джыназ Черкасскэхэ) - Урысей пащтыхыым деж къулыкъу щызыщIэну кьэна адыгэлIэхэм езыхэм ди фащэр ящыгъам къыщымынэу, пащтыхыымрэ абы и блигъщIэтэхэмрэ ар зэрахьэ хьуауэ щытащ.

ЗэрытщIэщи, ди гьунэгъу лъэпкъэмэ адыгэ фащэр яГу дыхьэу хъащIташ. Ар зезыхьэхэм къьхъуапсэ дэнэ щIыпIи щыпсэу цIыхухэр, - жиIащ Гумэм.

Утыкум ирагъэблагъащ адыгэ фащэ екIу зыщыгъэгъуу пшыхьым къыкIэлIа Зеикъуэ щыщ дадэ Iумахуэр, Нэхъыжьхэр и къуэхэу Билалрэ Нанэхэр, Нэхъыжьхэр Чэрим гуапэу екъуэхъуащ адыгэ уэрэдхэр игъэбзэрабзэу ильэс куэдкIэ утыку итыну, лъэпкъым и цIэр фIыкIэ игъэIуну. Нэхъщым и уэрэдхэр зигу дыхьэ щIэблэрэ уэрэджьыакIуэм удэ гъэгъахэмкIэ хуэупсащ.

Зэхьэхэр ягъэбжьыфIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Унэжокъуэхэ Тимуррэ Заремэрэ зи художественнэ унафэщI «Шагъдий» цIыхубз къэфакIуэ гупым, ГъыэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэралинституткэ и доцент, КъБГУ-м и гъэздэсхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мыд Мадинэ зыдэлажьэ студентхэм.

Апхуэдэу фIыщIэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, концертым и режиссер Хьэцей Тимур, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артист, къафэ теплъэгъуэхэр зыгъэхьэзыра Битокъу Оксанэ, пшынауэхэу Вэрокъуэ Валерэ, Лэкъун Анатолэ, Шэрэдж Алий, Мэзщокъуэ Ислъам сымэ.

Къыьхэгъэщыпхъэщ, сурэтыщI-модельер, дизайнер щIэрыIуэ, ильэс 10щыщ щIигъуэуэ адыгэ фащэм елэжь Сэралъп Мадинэ и Iэдакъэ къыщIэкIауэ Маринэрэ Чэримрэ ящыгъа адыгэ фащэ дахэхэм нэр зэрагъэгуфIар, гур зэрыхагъэхъуар. Пшыхьым кьрихьэлIа Сэралъпм и Iэпщ1эпкъым щIагъэм, лъэпкъым и хъуГуэфIыгъуэу ялъытэ, лIащIыгъуэ зыбжанэм кьыпхыкIа, хабзэ езыныщэм и жьипхъэ ди адыгэ фащэр зэримыгъэкIуэдыжым, кьызэрыгъэщIэрэщIэкъым папщIэ щытхъу, псалъэ гуапэ куэд хужаIащ.

Нэхущ, Чэрим пшыхьым кьрихьэлIаэхэм фIыщIэ яхуищащ икIи махуэшхуэмкIэ гуапэу екъуэхъуащ Адыгэ фащэр щIыщатIэгъэн, щIыз3рахьэн гуфIэгъуэрэ щхьэусыгъуэрэ я куэдыну, ди хабзэ дахэр, адыгэбзэр яхьумэну. ХьэщIэкъм яхэтт хамэ кьэралхэм щыпсэуэ Адыгэ фащэм и махуэр Хэкужьым щызыгъэлъапIэну, ди зэкъуэтыныгъэр нэхъри зыгъэбыдэну хущIэкъуу ди щIыналъэм кьэкIуэжа ди лъэпкъэгъуэху Бжьыхьэлl Онуррэ Нэгуэрэ Унсалрэ.

Ди лъэпкъ хабзэм, бзэм, фащэм я пщIэр зи лэжьыгъэмкIэ зыIэт Нэхущ Чэрим и гуфIэгъуэ концертыр зэхуэщIыжащ, хабзэ хъуауэ, адыгэм и дэтхэнэ гуфIэгъуэми и кIэух уджымкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Iэхъуэбэч ХьэзрэIил** *трихащ.*

Жэпуэгъуэм и 5-р Егъэджакlуэм и махуэщ

ЩIэблэм папщIэ маблэ я гур

Мы гъэм илъэс 50 мэхъури ди къэралым щагъэлъапIэ Егъэджакlуэм и махуэр. Абы теухуа унафэ 1965 гъэм и фокIадэм къыдигъэкIауэ щытащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм. Ди къэралым ар илъэс щагъэлъапIэу щытащ жэпуэгъуэм и ялъ тхьэмахуэ махуэм. 1994 гъэ лъандэрэ абы хухахащ жэпуэгъуэм и 5-р икIи Егъэджакlуэм и махуэр абы щыгъуэ дуней псом щызэдаIэт.

ДИ КЪЭРАЛЫМ гулыитэ лъагэ щегъуэт егъэджакIуэм. Абы и Iэхъуэкр ефIэкIуэным, иIапхъэ, хуэфащэ увыIпIэ жыларагъуэм щигъуэтыжьыным хуэгъэпса мурадхэм ятещIыхьащ хэкупсо программэ хэхахэр. Апхуэдэщ, кьапщтэмэ, ильэс зыбжанэ лъандэрэ екIуэкI, УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектыр. Абы кьыщыгъэлъэгъуа унэтIынигъэхэр, кьанэ щымыIэу, хуэгъэпсащ егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм, абыхэм я Iэщ1агъэлIхэм я Iэхъуэ дэгъэкIыным, я лъабжьэр гъэбыдэным, я пщIэр къэIэтыным.

Республикэм щылажьэ егъэджакIуэхэм я бжыгъэр мин 11-м щIегъу, абыхэм ящыщу процент 80-м щIэныгъэ зэхъыщIхь, мини 7-м категорие зэхъыщIхьэ яIэщ, 200-м нэблагъэм «ЩIыхь зиIэ егъэджакIуэ», 600-м «Курыт щIэныгъэ егъэгъуэтыным щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэхэр зэрахь, 40-м нэсым медалхэмрэ орденхэмрэ хуагъэфэщащ, 50-м щIигъур щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кандидатщ.

Апхуэдэ щIэныгъэ хуэ зыбгъэдэлъ ди егъэджакIуэхэр дапщэщи хущIокъу я къалэн гугъуэхэр - щIэблэр гъэсэныр, егъэджэныр, цIыхуэхэм ящыгъуэм и къуданэ щIыпIэ ящыгъуэ зэрыщIэлъ ди лъэпкъым и гъэсэныгъэхэр абыхэм гурэ псэкIэ зыхегъэщIэныр - тэмэму зэрагъэззэщIэным.

КъытщIэхъуэ щIэблэм я екъулIэныгъэхэм телажь егъэджакIуэхэм дохъуэхъу я Iэщ1агъэм ефха махуэшхуэр уГуэрлы яхуэхъуну, ар Iэхъугъуэщ1эхэмрэ жэрдэмыщ1эхэмрэ лъэр яхущ1эзыгъэкIыу къахущ1экIыну. Жэпуэгъуэм и 5-м хуэдэу гуапагъэрэ гулыитэкIэ гъэнщIа махуэ куэд гъащIэм щывIэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школым щезыгъэджэхэм нэхъыбэрэ лъэпкъ, кьуажэ тхыдэхэм я напэкIуэцIхэр лэжьигъэм кьыщызыгъэсэбэп щымыIэми ярейц. НыбжьыщIэхэм едгъэгъэзащIэ творческэ проектхэм, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ахэр ирашалIэ я лъэпкъ лакъуэм и къекIуэкIыкIам, я нэхъыжьыфIхэм яIа псэукIэмрэ дуней еплъыкIэмрэ. ТекIуэныгъэм Иныр илъэс 70 щрикъу илъэсым дэтхэнэри: егъэджакIуэхэри ди гъэсэнхэри - дыхущIокъу Хэку заушхуэр зи нэгу щIэкIа, абы хэта ди адэжьхэ-анэшхуэхэм я гъащIэр а зэманым зэрекIуэкIар къэтхутэжыну. Си тхыгъэмэ лъабжьэ хуэсщIар сыкъызыхэкIа Семэн лъэпкъым щыщ щIалэхэм, бзылъхугъэхэм ТекIуэныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэрщ.

● Дэ кьытхуатх

Гугъэр адэжь щIэинщ

ДЖЭРМЭНШЫК жылагъуэм и тхыдэр зылI и ныбжь иримыкъуми, гъэзугъанэ гъэщIэгъуэн икIи купщIафIэ и щыбагъ кьыдэлъщ. Шэч хэмылъу, абы уевIпIэшхуэ щеубыд 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку заушхуэм. А мафIае гуащIэм хэкIуэдахэм я фэеплъ екIу дэтщ ди курыт школым и пщIантIэм. Джэрмэншык жылэм и кьуэ пэжу зауэм Iухьа цIыхуи 176-м ящыщу, ди жагъуэ зэрыхъуащи, 95-м кьагъэзэжакъым. Мрамор сфIыщIэм къытелъыдыкI а цIэ-унэцIэхэм яхэтщ Семэнхэ ди щIалитI: си адэ кьуэш Семэн Бий МлатIэ и кьуэмрэ Семэн МуIэлидр. Абыхэм ящыщу кьагъэзэжакъым Бийрэ МуIэлидрэ: ахэр хъыбарыншэу кIуэдащ.

Семэн МлатIэ Бэвыкъуэ и кьуэр ящыщщ илъэс щIыкIэ. Щхьэлъкъуэ кьуажэм кьыхэзэпхъужкIыу 1926 гъэм Джэрмэншык дэтIысхьажэм. Анэ зимыIэж сабиищым: Бий, Лъимэ, КIуакIуэ сымэ - анэ яхуэхъуну кьишэжа Жансурэт лъапсэщIэм сабиищ щигъуэтыжат: Кьанщобий, Асльэнбий, Нинэ. АрцкъэкIэ гъащIэ мащIэу къыщIэкIащ ди анэшхэр: хъыджэбз нэхъыщIэм и ужькIэ кьишта узымарихьыжащ. Хъыджэбз нэхъыжьхэру КIуакIуэрэ Лъимэрэ унагъуэр зэрыхъукIэ зэрахьэрт, анэншэу кьэна сабий нэхъыщIэхэм я нэIэ тратъэтт. Адэм и щIэтэкъуэн щIалэ нэхъыжь Бий унагъуэ хъуащ 1934 гъэм. Абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Мысосстей щыщ ВэрылI Шумсэт. Зи лъэр жану, узынщэу унагъуэшхуэм къахьихьа пщащэ нагъуэ гуакIуэ Шумсэт Семэнхэ гъэфIэну щыфIащат Жанцыкlу цIэр. Щ1эх дыди яхэсыхьауэ, щIалэрэ хъыджэбзрэ зэдагъэтауэ, ещанэ зэрагэнуи иринасыпифIэу унагъуэм кьатехъуащ Жанцыкlу и насыпыр кьэзыкъута зауэ мыгъуэжьыр. Си адэ кьуэш Бий ящыщащ ялъ дыдэ Iэщэ кьэзэщIэту зауэлI э губгъуэм 1941 гъэм ихьаахэм. 1943 гъэм ар хъыбарыншэу зэрыкIуэдар иту Жанцыкlу тхьылъ кьыIэрыхьащ икIи абдеж щыщIидзащ абы и фызабэ гъащIэ дыджым.

Илъэс 30-м фызабэу кьэна Жанцыкlу зыкIэлъыплъын хуейуэ кьыхуэнар и бынхэу илъэси 8 хьуа Талий, илъэси 5-м нэса Рае, илъэситI си ныбжь, зи адэр зэи зымыльэгъуа Кларэ цIыкlу сымэ я закъуэтэкъым. Арат гугъапIэу яIэр щхьэгъусэ зимыIэж тхьэмадэми, анэ зыщхьэщымытыж и пщыпхъуищми пщыкъыитIми.

«Гугъэр адэжь щIэинщ», - жиIащ пасэрейм. Гугъэр щымыIамэ, цIыхур псэуфынт? Жанцыкlуи абы хуэдэ нысащIэ куэди жэщи махуи пэплъэрт хъыбарыншэу кIуэда я щхьэгъусэхэм. А гугъэ нэпцIым зэщIыIыгъэу псэуащ Жанцыкlу.

КъыдэкIуэтэйм зыязэщIагъакъуэрэ, унагъуэшхуэр зэпсэукIащ зауэми зауэ нэужь гъейхэми. Къэбэрдей псом зауэм и пэкIэ щцIэрыIуэу щыта нартыхудэч Вэрылl Шумсэт ибг щIикъуэрэр иту имыгъэкIуэду Джэрмэншык губгъуэм итащ, жэщ-махуэ имыIэу, вэнми, сэнми, къэкIыгъэхэр зехьэнми, гъавэр кьехьэлIэжьыми пашэнырэ щыIыгъ щыIыгъ Семэн Жанцыкlуу. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо гъащIэм кьыхуимыгъэхьэзырами, абы ебакъуэурэ и бын илъэжащ, гъэгу захуэ, пэж тритъэкIуэ.

ПхуэмыIуэтэн хуэдизу мы цIыхубз гуащIафIэм лыгъэшхуэ, цIыхугъэ лъагэ, пэжагъ ин хэлъу кьэгъуэгурыкIуащ. Зэрихьащ абы жьы хъуа и тхьэмадэрэ, иригъэщащ и пщыпхъуэрэ, кьаригъэщащ анэадэншэу кьэна и пщыкъуэхэмэ. Псори зэхэсти, ар унагъэшхуэм я анэ пэпльытэт, и ныбжьэгъуитIу, зэдэпсэращ псори, зы лэгъупльэмпIэ зэрахьэу, езыри унагъуэшхуэм я шхэпсу.

Куурити дамыту зы пщIантIэм унагъуитIу дыздыдэсащ дэ куэдрэ. Ди адэ-анэр губгъуэм иту щылажьэкIэ, мыдэкIэ къыдэна цIыкlуэхэр и нэIэ дыщIэтащ а цIыхубз гуащIафIэу зи Iэгур зи Iэнэу кьэпсэуам. Жанцыкlу щхьэкIэ «мамэ» жыIэрт сабийхэм я нэхъыбэм. А цIэр абы сыткIи игъэпэжырт.

ЩIалэ дыдэу фызабэу кьэнами, гугъуехьым щыщIэу и дыщкIэ игъэзэжакъым, и щхьэ насып и Iэхъуэ зэрихуакъым, и лъагъуныгъэр и гум щигъафIэу Бий хуэпэжкIи хуэзфIэкIащ абы. Хэт зыщIэр абы и псэм хьэзабэу тепъар, и гум уIэгъуэ иIар? А зы пIэмрэ зы хьэлымрэ зэи имыкIыу зызыщимыгъэнщIа и щхьэгъусэм Жанцыкlу хуихьыжмащ и жьэгур, хуипIащ и псэр щIита и бынер, хигъэкIуэдзжакъым и къуэсыр, и лъапсэр. Ихьумащ и щIхьэр, и напэр, и щхьэгъусэм и щIыхьыр. Псэуху, и напIэр кьиззэтрихмэ Iупльэу и гуэлъпIэ блыным фIэдзауэ фIэлъащ гу зыщимыхуа Бий и суратыр. «Нобэми бжэр Iузыхьэр арэ кьыхсфIощI, тхьэ», - жиIэу кьыкIэрэдэIукIауэ жаIэм. И нэр теплъызэмэ, гу кьыльата кьыфIэщIу кьытрипхъэутыкIыжу, и IэдэбгъымкIэ и гухэльыр щIыхьыжу мэфу дэсащ а нанэ Iумахуэр Семэнхэ ди жьэгу, сыткIи ди щапхъэрэ и жьауэм дыщIэту.

И ныбжьыр илъэс 85-рэ хъууэ 1998 гъэм дунейм ехьажащ зи щхьэгъусэм и кIуэдыпIэмрэ и кIуэдыкIэмрэ и пэжыр кьыщIэзыхуэмыщIа адыгэ бзылъхугъэ нэсыр.

Жанцыкlу хуэдэ цIыхубз хахуэ 59-м ятеухуащ ди кьуэдзэс нэхъыжьыфIэ, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранэм я советым и тхьэмадэ ЛIуп Нурхьэлий и «Сэлэт фызабэхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ» тхылъыр. А бзылъхугъэм ящыщ дэтхэнэми хуэзфIэкIащ щыгъуэ, мышIыIу, атIэ зэпIэзэрыгъэ я щхьэ ехьэхауэ адэншэу къьхуэна я бынхэр тегужьеикIауэ япIыжьыну. Абыхэм ящыщу нобэ зыри псэужькъым. Нурхьэлий и жэрдэмкIэ иджыблагъэ ди еджапIэм и пщIантIэм къыщыдзэIуахащ а цIыхубзхэм я унэцIэр зытет фэеплъ. ЖыпIэнурамэ, кьуажэ тхыдэр нэсу зэфIэгъэвэжьыныкIэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIыжащ Нурхьэлий. А псори кьыщыщIэльэгъэгъуэжа абы и тхылъэхэри мыкIуэдыжьын фIыгъуэщ жьлэм кьыдэхьэу щIэблэм я дежкIэ.

ГЪУКIэнщIокъуэ (СЕМЭН) Iэсият, *егъэджакIуэ.*

Аруан щIыналъэ.

● ФIыщIэ

Апхуэдэхэр зырызщ

Егъэджакlуэу мы дуней псом тетым пщIэрэ щIыхьрэ, лъагъуныгъэрэ фIыгъуэрэ яхуэфащэщ, уи щхьэр яхуэбгъэщхъ хъунущ. Дэтхэнэ зыми иIэщ пщIэ зыхуищ егъэджакIуэ. Си дежкIэ апхуэдэщ КъБКъУ тхыдэмкIэ и къудамэр къэзыуха. Инарыкъуей курыт школым тхыдэр щезыгъэдж Шэрий Амир.

А ЕГЪЭДЖАКIУЭМ и фIыгъэкIэ сэ тхыдэм сыдихьэх хуэщI. Абы и япэ урокхэм щыщIэдзауэ тхыдэмкIэ си къэухьым нэхъ зэрыщIэзыужьыным, щIэуэ зыгуэр ззэгъаIуэ егъэджакIуэфIыр зэрызгъэгуфIэным сыхущIэкъу хъуащ. Инакъуэхэм и деж Интернетым «сисц», Амир имыщIэ гуэр къэзгъэуэту ар зыщIэгъэтхъуну, ауэ иджыри къэс срихьэлIакъым апхуэдэ упщIи жуаIи.

Амир и урокхэм утезащэркъым. Дерс къэс абы щIэщыгъуэ гуэр хилъхьауэ къэкIуэ, дэтхэнэ и зы урокри удихьэхуэ, зы напIэдэхьеиГуэу блолъэт. И щIэныгъэм щыщ Iыхьэ нэхъ мыхъуми къыззрыгъэхипщэным яужь итщ.

Зэрыригъаджэ тхыдэм и закъуэкъым Амир фIыуэ зыхищIыкIыр, атIэ хабзэмми, дунейм и зэхэлъыкIэмми, литературэми, нэгъуэщIэкъэ кууэ щыгъуазэщ, и урокхэми ахэр тэмэму, удихьэхуу къыщегъэсэбэп, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэщхуэ кьыддрегъэкIыжкI. Ди егъэджакIуэм хэлъ дэтхэнэ и зы хьэлри щапхъэщ иджыпсей щIалэхэм дежкIэ. Ар Iэсащ, гъэсащ, уеплсэльану е зыгуэркIэ уеупщIыну ущыукIытэрэ уфIэлIыкIыу. Щапхъэщ и унагъэри: хуэдэр зырызщ.

Амир зэрыегъэджакIуэфIым, гъэсакIуэфIым и щыхьэтщ гъэ кIуам класс унафэщIэхэм я зэпеуэм Тэрч щIыналъэм япэ увыпIэр кьиззэрыщихьар, республикэми гъэсакIуэ, егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зэрыщыхабжар. Мыазэ-мытIэу абы щIыхь тхылъхэр кьыхуагъэфэщащ.

Мы зэманым апхуэдэ егъэджакIуэ щIалэхэм хуабжьу хуэныкъуэ еджапIэхэр. Хэт и дежкIи гурыщIэкъуэ щIалэ цIыкIуэр цIыкIуэр щыщIэ еджакIуэм и псалъэ, и чэнджэщ, и урок, нэгъуэщI куэдми зэрыхуэныкъуэр. ЦIыхухъуэхэр школым щыщIымылажьэри гурыIуэгъуэщ: егъэджакIуэм кьихь лэжьапщIэмкIэ абыхэм унагъуэ яхуэгъэпсэунукъым, бын яхуэпIынукъым. Амир хуэдэ цIыкуэхэр зырызщ. Апхуэдэхэр дэ, ныбжьыщIэхэм, ди ныбжьэгъуэщ нэхъыжьщ, ди егъэджакIуэщ, ди гъэсакIуэщ, ди дэIэпыкъуэгъуэщ.

Шэрий Амир дохъуэхъу Егъэджакlуэм и махуэмкIэ. И Iэхъуэхэр ефIакIуэ, пэжыкъым гукъыдэж кьриту, лъагаIэщIэхэм нэсу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу!

ХЬЭТIЭХЪУ Альбинэ, *Тэрч щIыналъэ*

● Псалъэжьхэр

Хейм и лъыр хамэм ещІэж

■Къыптекіуэр лъэщщ.
■МафІэм сахуэ ещІри, дзэм шхахуэ ищІыркъым.
■Шу гъуэгурыкіуэм бзыпхъэ трех.
■Хамэхьэр къохьэри, унэхьэр иреху.
■Зыщі нэхърэ еплъ нэхъ Іээзщ.
■Джэду здэщымыІэм дзыгъуэ щоятэ.
■Мыдэф и Іуданэ кіыхьщ.
■Зи игъуэр дахэщ.
■Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапІэщ.
■Хейм и лъыр хамэм ещІэж.
■Хуарэр дэхуэхиэ, гум йокъу.
■ЦІыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, ягури зэхуэдэкъым.
■Чэзу зимыІэ щыІэкъым.

Борсэ Саидэ (Шэджэм къалэ)


МэкІэней Іэдииху (Іэдииху)

Къардэн Залинэ (Старэ Шэрэдж)

Шэджэм Миланэ (Нартан)


Бэдракъ Заремэ (Аушыджэр)


Къейтыкъуэ Марианэ (Къулъкъужьи)

Иуан Дианэ (Налшык)

● Зэпеуэхэр

Акъыл жанрэ икІи дахэу

2015 гъэм «Адыгэ пщащэ» цІэр зыхуагъэфэщнур хэту пІэрэ?

ИДЖЫ етІуанэу ди республикэм щрагъэкІуэкІ «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр къызэрагъэпэщащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ зы илъэсым нэхърэ адрейм зэпеуэм и пщІэри и щІэупщІэри нэхъ ин хууэ зэрыкІуэр, мы гъэм абы республикэпсо мыхьэнэ зэригъуэтар.

Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ Балэ Людмилэрэ дызэрыщагъэгъуэзамкІэ, зэпеуэм хэтыну гупыж яІу къахуеблэгъагъэхэм зыми «хьэуэ» жралакъым, ауэ абы къиргъуэв Іыхьэхэм пэмылъэщыну къэзылъытэхэр хэкІыжхэрэ, кІыхэтхэнур умыщІэу тхьэІухуд 11 кьэнащ.

Илъэс 15 - 25-рэ ныбжьым къриубыдэ адыгэ пщащэ зэкІужхэм Іэхэугъуэ куэдымкІэ я зэфІэкІ къагъэлъэгъуэнущ. Пщащэхэр ягъэ зэрызэпеуэнур адыгэ лъэпкъым хуэгъэза хьэхъэхІащ. ЕтІуанэу кьызыхэкІа лъэпкъым, я адэ-анэм, кьыдалъхуа цІыкІуэм я гуэркэр ягъэлъагъуэрэ псэлъэнущ. ИтІанэ зэпеуэнущ пщэфІэкІэкІэ, Іэнэ уэздыкІэкІэ.

Апхуэдэуи зэпеуэм пщащэ ныбжьыщІэхэм я акъыл и жанрымрэ ябгъэдэлъ щІэныгъэмрэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щагъэунэхунущ. «Утыкум напэкІэ іюхьэри, лъапэкІэ іюкІыж», жеІэ адыгэ псалъэжьым. Адыгэ пщащэхэм я зыІыгъыкІэ, утыку итыкІэ, лъэпкъ фащэр екІуу зэрращыгъыр щагъэлъэгъуэнущ иужьрей Іыхьэм.

Дахэм я нэхъ дахэр, акъылыфІэр, лъэпкъыр зэрыгушхуэ хьэн «Адыгэ пщащэ» цІэ лъапІэр зыхуэфащэр къыщыхахыну зэпеуэр жэпуэгъуэм и 3-м сыхьэт 15-м щІидзэу Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм къыщызэІуахынущ, ар зыфІэзгъэщІэгъуэныныхэр фрагъэблагъэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Алэщ ФатІимэ (Болэтей)


Щоджэн Алинэ (Шэджэм къалэ)

Лий Данэ (Кэнжэ)


Мамхэгъ Алёнэ (Шэджэм къалэ)

● Шхыныгъуэхэр

Тебэкіэ гъэжьа лы Іыхьэхэр, джэдыкІэ вынш телъу

Былымыл лыпІэр грамми 100 хъу Іыхьэурэ, и Іуварэшр см 2-м нэблагъэу яупщІатэ. Шыгъу, шыбжий трауд, тхъу къэплъа зэрыт тебэм иралъхьэри, пльэныкъуитри тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ. Іэнэм щытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щІыІум джэдыкІэ вынш тралъхьэ, бжьыныху шыпс тракІэж. Яшх пщтыру, пІастэ, мырамысэ, щІакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр
(зы цІыху Іыхьэ):
Былымылу - г 200,
Джэдыкіэу - 1,
Тхъуэ - г 30,
Шатэу - г 30,
Бжьыныху укъэбзауэ - г 15,
Шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

Къэб зыдэлъ хьэлывэ

ПщагъэкІэ япща тхъэвыр гъэдз хьэжьигъэ зытегъэщэца Іэнэм тралъхьэри, я хьэлъагъыр г 60 - 70 хъу Іыхьэурэ зэпаупщІ, я Іувагъыр мм 2 - 3 хъууэ яху, къэб хьэжар тралъхьэри, тхьэв кІапэхэр зэрагъэубыд. Хьэлывэр тхъу зыщцыхуа тебэм иралъхьэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, хьэзыр хъуху, дакьикъ 20 - 25-кІэ, ягъажьэ.

Хьэлывэм дэлъынур: зи фэр нэхъ Іув къэб къащтэ, ятхъащІри, ялъэщІыж.ІупщІэурэ зэгуаду, и кум жьлэри лъаехъцэри кърах, и фэр трагъэж, кьэнар лыхьэжьым щІагъэкІ. Абы фошыгъу халъхьэ, зэлащІэри, и щхьэр тепІауэ дакьикъи 10 - 12-кІэ щІыІапІэм щагъэт. Псы лей къыщІэжамэ, щІакІэж.

Халъхьэхэр:
Тхъэвым:
Гуэдз хьэжьигъэу - г 500,
Шэуэ - г 250-ра,
Пщагъэу - г 40,
Шыгъуу - г 5,
Фошыгъуу - г 30,
Хьэлывэм дэлъынур:
Къэбу - г 700.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ДифІ догъэлъапІэ

Псэемыблэжщ Къуэныкъуейр

ИДЖЫРЕЙ гъащІэм декІун щІэблэ къэбгъэхъуну Іуэху тыншкъым. Сабий бгъэсэныр, щІэныгъэ ебгъэгъуэтыныр зэи кьыззэрыгъэкІыу щытакъым, ауэ мы лъэхъэнэм а Іуэхугъуэхэм яІэ мыхьэнэр куэдкІэ нэхъ ин хъуащ.

Ди гъащІэм кьыхьыхэ ІэмэпсымэщІэхэм хуэІэрыхуэу, гупсысэщІэрэ жэрдэмышІэрэ и куэду, хэкІыпІэхэмрэ Іэмалхэмрэ тыншу кьиГъуэту лажьэ, сабийхэми абыхэм я адэ-анэхэми фІыуэ кьалъагъу егъэджакІуэщ Къуэныкъуей Залинэ Мышэ и пхъэр.

Лашынкьей кьуажэ дэт езанэ курыт еджапІэр кьиуха нэужь, КъБКЪУ-м физикэмкІэ и кьудамэм щІэтІысхьащ. 2000 гъэм магистр щІэныгъэр зригъэгъуэтри, кьуажэ еджапІэм егъэджакІуэу кьигъэзэжащ. 2012 гъэм кьыщыщІэдзауэ Лашынкьей дэт езанэ курыт еджапІэм и унафэщІым гъэсэныгъэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэу мэлажьэ.

Псэемыблэжу я Іэмэкьыгъэр зэригъэзащІэм кьыхэкІыу щытхъу тхьылъ зыбжани кьыхуагъэфэщащ.

ЕгъэджакІуэхэм я махуэшхуэм ирихьэлІэу дохъуэхъу и Іэщ Іагъэм и хъер ильагъуу, и акъылым хэхъуэ зэпыту, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ и куэду, мураду ищІхэр кьехъулІэу куэдрэ псэуну.

АРГЪЭЩОКЪУЭ Фаризэ.

● Хьэлэмэтщ

Вагъуэбэ

Вагъуэбэр (созвездие Тельца) кьуэкІыпІэ пльэныкъуэмкІэ кьыщыблэ вагъуэ зэрыбынщ. Ар гъавэм хэпльэмэ, кьэкІыгъэр багъуэу жаІэ. Абы теухауэ пасэрей адыгэхэм яІа нэщэнэхэрщ ди деж нэхъыбэу къэсар: «Вагъуэбэр щІым хэпльэмэ, кьэб къуэпсым зедз», «Вагъуэбэр кьыхэмыпльауэ нартыхум зиІэтырыкъым, апщІондэху хэхъуэгъуэйщ», «Вагъуэбэр щІым зэрынэсу, щІыри псыри мэщтри, щІымахуэм щІедзэ».

Мыбдежым кьыхэгъэщІыпхъэщ Вагъуэбэм теухуауэ МафІэдэ Сэрэбий итхар: «ИпэсэцІ Іыхьипліу гуэшыныр адыгэхэм Вагъуэбэ вагъуэ зэрыбыным ирапхырт. Вагъуэхэр зыдж щІэныгъэм Дыгъэр здрикІуэу жыхуиІэ Вагъуэбын 12-м ящыщу «созвездие Тельца» жыхуаІэм нэхъ тохуэ Вагъуэбэгр. Ауэ уи гугъэ хъунущ адыгэхэм Вагъуэбэ жыхуаІэу щытам а Вагъуэ бын пщыкІутІри кьыззщІиубыдэу, иужькІэ, щІэныгъэу яІар щаІэщІэхужым, ди нэхъыжьхэм а фІэщыгъэщІэр Вагъуэ быным и закъуэ трабыдауэ. Дауэ щытми, ди бзэм кьыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жьІэкІэхэр: «Вагъуэбэр щІым кьыхэкІащ», «Вагъуэбэр гъавэм кьыхэпльащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкІэм хьыхащ», «Вагъуэбэр щІым хьыхьэжащ».

Вагъуэбэр щІым кьыхэкІауэ щалъытэр гъатхэм махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъурт. Иджырей ди бжыгъэкІэ ар зыхуэзэр гъатхэпэ маазэм и 21 - 22 махуэзэрщ. Абдежым илъэсыщІэр кьихьэу адыгэхэм яльытэрт... Вагъуэбэр гъавэм кьыхэплъамэ (мэкъуауэгъуэм и 21 - 22), гъэмахуэм щІидзэрт, Вагъуэбэр жыг щхьэкІэм хьыхьамэ (фокІадэм и 21 - 22), бжьыхьэр кьэсат, Вагъуэбэр щІым кьихьэжамэ (дыгъэгъаззэм и 21 - 22), щІымахуэр кьихьат.

ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли.

● Фэ фщІэрэ?

Хьэхуу хуащІэ Іуэху

ПАСЭРЕЙ адыгэм зэдэщІыгъуэу, зыр адрейм дэІэпыкъуу зэдэлажьэныр фІыуэ ильагъуу щытащ.

Зы адыгэ щыІэу щытакъым езым и закъуэ къарукІэ унэ е псэуалъэ гуэр игъэувэу. Унэу щрет, гуэщу, шэщу, кьинэмыщІ псэуалъэу щрети, зыгуэр ищІынут мурад, зэрищІу, ирихьэлІэну псэуалъапхъэхэр зэрригъэпэщырти, зыгуэр зыщІэрыну кьуажэм дэс цІыху зыбжанэм хъыбар яригъащІэрт:

- Пщэдей щІыхьэху сиІэщ, мыпхуэдэ псэуалъэ тІэкІу согъэуври, кьуымыкьэлэкІыу укъысхуэжьугъэмэ, си гуапэ хъунт, - жиІэрти.

- Алыхь-алыхь, ар пхуэзэмыщІэмэ сыт пхуэсщІэн! - жиІэрти, къигъэгугъэрт.

Пщэдджьжьым кьыззэхуэсырт хьыбар зригъэщІа псори, хэт джыдэ, хэт пхъэх, хэти Іэдэуадэ яІыгъыу. Щхьэж зыкуэІэкІуэпльакІуэм ауваІэрти, зэрахуэзэфІэкІкІэ, хьэрычэт хащІыхьу, жэщ хъуху елэжьхэрт. Дауэ ящІми, а махуэм хуаухырт кьыщІриджэ Іуэхур.

Апхуэдэ щІыхьэхум, зэрыхабэзэти, хэт хъыбар иригъащІэми мыкІуэну Іэмал иІэтэкъым.

Езыми махъсымэ иІэт, ныш иукІати, игъатхэрт, фІыщІэ яхуищІырти, иутІыпщыкьырт.

Адыгэ щІыхьэхур псэуалъэм и закъуэкъым зытеухуар. Псалъэм папщІэ, нысашэ зиІэнум хьэблэм дэсхэм пхъэ гулъэ зырыз кьыхуашэрт, курыбэ ирагъэжьэну, нысашэр зэфІэкІыху ягъэсыну. Благъэхэри кьыдэІэпыкъурт.

И мэкъу, и мэш кьыхуемышэлІэжу фІэкІыдэмэ, кьызэхуэсырти, кьыхуашэжырт.

Мэкъуауэгъуэ хуамэ, «мэкъуауэгъу» жаІэрти, зэрымыгъэзэшу лэжьэн щхьэкІэ унагъуитІу зэгухэрти, мэкъу зэдыпапущІырт.

ЗэгъунэгъуитІу лажьэу зым япэ ихамэ, и гъунэгъур кьиГъанэу Іукьыжьыртэкъым, кІуэрти, а кьыкІэрыхуам дэІэпыкъурт. Абы дэмыІэпыкъуу ІукІыжьныр цІыхугъэншагъэт, адыгагъэ хэмылъу арат.

ЩІакІуэ ящІыными цей яхъэуными, щІыхубз гуп кьызэхуэсырти, зэдзэпыкъуурэ ящІырт.

Цы япхьнымэ, «цыпх цІыхьэху» жаІэрти, пщыхьэщхьэм хъыджэбзэхэр кьызззхуашэсырти, нэху щІыху цы япхырт. Ар Іэ закъуэкІэ илъэскІи зэфІэкІынутэкъым. Бжьыхь къудей яхунмэ, гъунэгъуэхэр кьыдэІэпыкъурт, емылъэІуми. Ар хабзэт.

А пэори кьызззщІэзыубыдэ псалъэр «щІэхьэмэ» жиІэу кьежьауэ щытащ, иужькІэ «щІыхьэху» хъужащ. «Хьэхурэ хуэщІэ», нэгъуэщІу жыпІэмэ «хьэхуу хуащІэ Іуэху» жыхуиІэщ.

КЪУЩХЬЭ Санэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** А тІум я кум джэду фІыцІэ ... **8.** ЩІэжьей. **9.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар адэжь щІэинщ. **10.** ...- гурыщІэ. **13.** Пасэм адыгэ нэхъ зыльэкІхэм я щІалэ цІыкІур зрагъэпІу щытам апхуэдэу йоджэ. **14.** ... еуэнымкІэ бжьыпэр иубыдащ ди гъунэгъу щІалэ цІыкІу нэ жаным. **15.** Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъ. Ди республикэм абы ящыщ щэ бжьигъэхэр исщ. щыщ къуалэбзу. **18.** Пщэдейрей ... нэхъ-рэ, нобэрей бзу. **19.** Дунейм ехьжьын и пэ лІыжьым и бынхэм ... кьахуигъэнащ. **23.** Пхъэм кьыхэщІыкІауэ щэмэджым дадзэ. **24.** Налшык къалэ уэрамхэм дэз къуалэбзу. **26.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистка Сибэч ... **27.** Си мыІэрысэр кІуэду щыхуежьэм, ... ныкъуэкІэ сщэжащ. **30.** ІэщІэвыщІэ. **31.** Белоруссием щыщ къалэ-быдапІэ лІыхъжь. **33.** Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ хъу адыгэ композитор. **37.** ШкІэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **38.** Диным зэрыжиІэмкІэ, си щІалэгъуэр зэи имыкІыну жэнэтым ис тхьэІуху.

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Фокіадэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5.** Абгъуэ. **6.** Бэлагъ. **9.** Пщае. **10.** Жэмыхьэт. **11.** Жумэрэн. **13.** Изрэ.**15.** Иран. **17.** Бжьы. **19.** Пэч. **21.** Сом. **23.** Щхьэ. **24.** Уэр. **25.** Псынабэ. **26.** ЩІэІу. **28.** Гущэ. **29.** Пьей. **31.** Нып. **32.** Пыл. **33.** Хьэрш. **35.** Тхьэгъу. **36.** Кхъуейльальэ. **38.** Тырнауш. **42.** Есэп. **43.** Гуартэ. **44.** Заур.

Къехьу: **1.** Къанж. **2.** Хьэжы. **3.** ІупщІэ. **4.** Берн. **6.** Бжьэпэ. **7.** Лы. **8.** Гъэузи.**12.** Лажьи. **14.** Залэ. **16.** Арму. **18.** Пщащэ. **20.** Чэсей. **21.** Сабын. **22.** Аркъэн. **27.** Іупльхьэ. **28.** ГупкІэ. **30.** Дыгъужь. **34.** Шылъэгу. **35.** Тхыдэ. **36.** Кхъужей. **37.** Лъэпщ. **39.** Назэ. **40.** Шэрхъ. **41.** Ер.

● Шхьэмэтщ

Маитхъур сэбэпщ

♦Джатэ Іэпщэ - *ар тхъурыжь гъэжьащ. Апхуэдэу щІеджэр джатэ Іэпщэм ещхьщи аращ.*
♦Нэщі маззм хуагъашхэ Іэщым *нэщі укІкІэ йоджэ.*
♦Дудакъыр *губгъуэ джэдкъазщ. Ар унагъуэ гуэгушым ещхьщ икІи яшх, ауэ абы и лыр нэхъ быдэщ. Унагъуэм щагъэхъуэгуэгушым кьыхащІыкІ шхыныгъуэ псори абы илми кьыхащІыкІ, кІуэцІфэцІхэри яшх.*
♦Маитхъур *мэкъуауэгъуэм и 15 пщІондэщІахуараУэ ябж, икІи ар узыфэ куэдымкІэ сэбэпышхуэщ.*
♦Быныым ззым *аушыджэрдэсхэр «укІын Іэфікіэ» йоджэ.*

● Адыгэ мазэцІэхэр

Жэпуэгъуэ

ОКТЯБРЬ мазэр латин бжьыгъэцІэм кьытекІащ. Нэгумэ Шорэ а мазэм щхьэкІэ етх: «бжьыхьэкумазэ». Бжьыхьэку мазэм щхьэкІэ Созэрэщи, жэпуэгъуи жаІэ. Ди зэманым кьагъэсэбэпыр жэпуэгъуэ псалъэращ. Сирием щыпсэу кьэбзэрдейхэми адыгейхэми жаІэр аращ. Мы фІэщыгъэцІэм гъэм и лъэхъэнэр нэхъыфІу кьигъэпъагъуэу кьалъытэ.

ЖьлІэ хъунущ мы мазэр тхьэлъэІу мазэу. Апхуэдэу зэрыжьлІэу кьыздаІэту, мыбы щыгъуэ ящІырт Созэрэщ и тхьэлъэІуэхэр. ТхьэлъэІур унагъуэ тхьэлъэІут. Созэрэщ и пщыхьэщхьэр щагъэлъапІэр бжьыхьэм гъавэр псори зэщІакъуэжа иужькІэт. СозэрэщкІэ адыгэхэр зэджэр зэхэмкІутІей дакъэт, зэкІэщІэкІыкІауэ къудамибл тету. Созэрэщ и пхъэ дакъэр кьащтэрти, кьабзэу ятхъэщыпт. Иужькіэ унэм я нэхъыжьым кьищтэрт, абы и ужь джэгуакІуэр, пшынауэр, унагъуэм ис псори иувэри зэрэщ жаІэу, пшынэ еуэу бжэм бгъэдыхьэрт. Пхъэ дакъэр зыІыгъ тхьэмадэр бжэм и деж щызэтеувыІэрти, жиІэрт: «Созэрэщ, мы бжэр тхуІух».

Мыдрейхэри апхуэдэу лъаІуэрт. ИтІанэ бжэр зыгуэрым Іуихыри, псори щигъэхьэрт. Унэм я нэхъыжьым Созэрэщ и пхъэ дакъэр утыкум иригъэувэрт, абы уэздыгъэшыхьэр кІэрагъэпщІамэ, пшынэрт. Созэрэщ и пхъэ дакъэм тет кьудамэхэм уэздыгъэшыхьу кІэрагъапщІэр ельытат а унагъуэм цІыху бжьыгъу ищІ.

Мы мазэм хеубыдэ тхьэшхьэгурыкъэ тхьэлъэІури. Ар щекІуэкІыр бжьыхьэ мазэу жэпуэгъуэм и пэ махуэхэрщ. Жьлэм, уеблэмэ псыхъэм кьуажэу дэсыр зэпэмыжьыжьащэмэ, псори зэхьэхьэрэ тхьэлъэІушхуэ ящыжьауэ аращ, гъэ берычэту кьахэхъуам щхьэкІэ Тхъэшхьэм фІыщІэ Тхъэшхьэр уи фІэщ мыхъумэ, жьлэрэ, жьлэлэу ущымытмэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъэдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхуэщ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэщ Іапі эм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтету зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхуэщ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору ЖылаСэ Заурбэч, корректорхэр Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.).* **Корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Елмэс ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Доп Маринэ, Щомахуэ Марианэ, БищІо Оксанэ, Мэзбахъуэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1659